**Бала ҳуқықларын қорғаўды әмелге асыратуғын халықаралық шөлкемлердиң искерлиги**

ҚМУ Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў қәнийгелиги 1-курс магистранты Н.Қ.Қутлымуратова, Тарийх ҳәм хуқық факультети 4-курс студенти А.Б.Дадебаев

Бала ҳуқықлары - бул ҳәр бир баланың расасы, жынысы, тили, дини, туўылған орны, миллети яки социаллық келип шығыўы, мүлкий жағдайы яки басқа жағдайларынан бийғәрез ийе болатуғын ҳуқық ҳәм еркинлиги есапланады. «Бала» деген терминниң мәниси БМШиниң «Бала ҳуқықлары ҳаққында»ғы конвенциясының 1-статьясында берилген «18 жасқа толмаған ҳәр бир инсан заты, егер балаға қарата қолланылатуғын нызам бойынша ол ертерек ер жетпеген болса бала деп есапланады»[1].

Бала ҳуқықларын тәмийинлеў ҳәзирги заманның актуал машқалаларынан бири болып, оны шешиў менен байланыслы мәселелер дүнья мәмлекетлериниң дыққат-итибарында турмақта. Дүньяның раўажланған мәмлекетлеринде де ер жетпегенлер арасында жынаятшылықтың өсиуи, кем тәмийнленген шаңарақлардың бар екенлиги, жетерли дәрежеде медициналық жәрдемниң көрсетилмеўи ақыбетинде балалар өлиминиң артыўы, қараўсыз балалардың көбейиуи сыяқлы унамсыз жағдайларды гүзетиў мүмкин. Бул тийкарлар балаларға тийисли машқалаларды тек миллий қураллар арқалы шешиў қурамалы ҳәм қыйын екенлигин, бул бағдарда барлық дүнья мәмлекетлери өз искерлигин көрсетиў зәрүрлиги пайда болды. Мине усы зәрүрлик бала ҳуқықларын халықаралық-ҳуқықый қорғаў институтының жүзеге келиўине себепши болды.

XX әсирдиң орталарынан баслап бала ҳуқықлары тараўындағы қатнасықларды тәртипке салыўшы нызамшылықтың қабыл етилиўи ҳәм онда көрсетилген балалардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин әмелге асырыў ҳәм қорғаў, сондай-ақ онда көрсетилген ўазыйпаларды орынлаў ушын бала ҳуқықлары тараўындағы искерликти алып барыўшы халықаралық ҳәм миллий шөлкемлер дүзиле баслады.

Инсан ҳуқықларын қорғаў тараўындағы қатнасықларды тәртипке салыўшы ҳәм кадағалаўшы халықаралық шөлкемлердиң көпшилиги БМШ ҳәм оның қәнийгелестирилген шөлкемлери қурамында дүзилген. Олардың тийкарғыларының бири Бала ҳуқықлары комитети болып есапланады. Комитет бала ҳуқықлары ҳаққындағы Конвенцияға ағза мәмлекетлер тәрепинен сайланатуғын 18 ағзадан ибарат болып, ағзалар өзлерине берилген ўәкилликлер шеңберинде искерлик алып барады. Жылына үш рет жыйналатуғын бул комитеттиң тийкарғы функциясы конвенцияға ағза мәмлекетлер тәрепинен усынылыўы шәрт болған докладларды көрип шығыўдан ибарат. Мәмлекетлер тәрепинен усынылатуғын докладлар Конвенцияда белгилеп берилген қағыйдаларды турмысқа енгизиў мәселелрине тийисли хабарлар ҳәм әмелге асырылып атырылған ис-иләжлар ҳәмде бул тараўды тәртипке салатуғын

---

[1]Саидов А.Х Бола хукуклари тугрисидаги Конвенция ва унинг факультатив протоколлари. –Т.,2009. 14б.

нызамшылыққа тийисли толық мағлыўматлар, ерисилген табысларды өз ишине алады. Комитет докладларды көрип шығылып өзиниң жуўмақларын береди.

Бала ҳуқықлары машқалалары менен тиккелей шуғылланыўшы шөлкем БМШиниң Балалар Фонды (ЮНИСЕФ) болып есапланады. ЮНИСЕФ (United nations Children´s fund) 1946 жылы 11 декабрде БМШинин байрағы астында дүзилген. Штаб-квартирасы Нью-Йоркте жайласкан.Жоқарғы органы Экономикалық ҳәм Социаллық Кеңес тәрепинен үш жыл мүддетке сайланатуғын Атқарыўшы Кеңес есапланады. Кеңес жылық сессияларды шақырады. Сессияларға секретариат ҳәм атқарыўшы директор басшылық етеди.

Фонд 1965 жыл Нобель сыйлығын алыўға миясар болды. 1989 жыл ЮНИСЕФтиң басшылығында «Балалар жылы» деп белгиленди. Фонд өз искерлигин алып барыўда аналар ҳәм балаларға жәрдем бериўди бир-биринен ажыратпаған ҳалда алып барады.

2010 жылға шекем ЮНИСЕФтиң тийкарғы мақсети төмендегилерден ибарат болды:

- бес жасқа шекемги балалар өлимин 1/3гекемейтириў;
- аналар өлимин 50%ке кемейтириў;
- 80% балаларға басланғыш билимди бериў[2].

Және бир әҳмийетли институт Омбудсмен есапланады.Омбудсмен институтын дүзиў идеясы 1809 жылы Швецияда биринши рет инсан ҳуқықларын қорғаўда атқарыўшы ҳәкимиятлардың искерлиги қадағалаўшы ғәрезсиз шөлкемлерди дүзиў Концепциясында қарап шығылды. Бул институтты кеңнен енгизиў Екинши дүньяжүзлик урыстан кейин басланды. Институттың искерлигиниң нәтийжелилиги юстиция мәселелери бойынша омбудсмен, қураллы күшлерди бақлаў бойынша, социаллық тәмийнат бақлаўы бойынша омбудсменлердиң қәнийгелестирилиўинде көринди. Қәнийгелестирилген омбудсменлердиң енгизилиўи балалардың халықтың жәмийетте ен қорғаўсыз топар екенлигин аңлатты.

Биринши рет бала ҳуқықлары бойынша Омбудсмен лаўазымы 1981 жыл Норвегияда дүзилди. Бүгинги күнге келип бул лаўазым дүньяның жигирмадан артық мәмлекетлеринде әмел етпекте. Олардың көпшилиги Батыс Европа мәмлекетлеринде (Германия, Дания, Бельгия, Австрия, Норвегия, Финляндия, Швеция, Исландия, Люксембург, Испания), сондай-ақ Латын Америка (Гватемала, Колумбия, Қоста-Рика, Перу), Австралия (Кубла Австралия), Канадада (Онтарио ҳәм Британия Колумбиясы), Израил ҳәм Жаңа Зеландия мәмлекетлеринде ҳәрекет етпекте[3].

Бала ҳуқықлары бойынша омбудсменниң искерлигин төмендеги тийкарғы функцияларға ажыратыўға болады:

1. Ҳәр бир баланың ҳуқықларын қорғаў ҳәм олардың қызығыўшылықларын көрсетиў;
2. Балалардың жеке нәрийзалық (арза, шағым)ларын қарап шығыў;

---

[2]www.unisef.org.uz

[3]Жавзондолгор Баттогтох «Международно-правовая защита прав детей: Международно-правовые аспекты» Москва-2010

3. Бала ҳуқықлары тараўындағы нызамлардың орынланыўын бақлаў;

4. Мәмлекетлик органларға бала ҳуқықларын қорғаў бойынша нызамшылыққа өзгерис киритиўди сорап мүрәжәт етиў;

5. Ата-аналар ҳәм балалар ортасында қарама-қарсылық келип шыққан ўақтында дәлдалшылық етиў;

6. Бала ҳуқықларының орынланыўын бақлаў ҳәм исленген жумыслар бойынша баянат ислеўден ибарат.

Шаңарақ, аналық ҳәм балалықты қорғаў соның ишинде, ер жетпеген шахсларды, олардың нызамлы мәплери ҳәм еркинликлери барлық ўақытта мәмлекет сиясаты дәрежесинде қорғалып келген. Бул әсиресе Өзбекстан Республикасы ушында әҳмийетли саналады. Себеби, Өзбекстан халқының 35% жақынын 16 жасқа дейинги балалар, 60 % асламын 30 жасқа дейинги жаслар қурайтуғынын есапқа алатуғын болсақ[4], жасларға деген тибардың айрықша екенлигин көриўге болады.

Өзбекистан Республикасы халықаралық ҳуқықтың тең ҳуқықлы субъекти есапланады. Өзбекистан Республикасы Конституциясының алғы сөзинде «Өзбекистан Республикасы халықаралық ҳуқықтың улыўма тән алынған қағыйдалары үстинлигин тән алады»,- деп көрсетилген. Мине усы конституциялық норма негизинде инсан хукылары, соның ишинде, бала ҳуқықларына тийисли болған бир қанша халықаралық ҳүжжетлерди ратификация еткен (бул ҳаққында алдыңғы бапта сөз етилди). Өз балаларының Өзбекистан аймағында ҳәм оның сыртында қорғаў тараўында өзиниң жеткиликли норматив-ҳуқықый базасына ийе есапланады. Соның менен бирге бул бағдардағы искерликти әмелге асырыўда бала ҳуқықлары менен шуғылланыўшы БМШиниң Балалар Фонды (ЮНИСЕФ)ке ағза есапланады.

Өзбекистан Республикасы «Бала ҳуқықлары ҳаққында»ғы Конвенцияны 1992 жыл 9 декабрде ратификация етиў арқалы оның қатнасыўшысына айланды. Бүгинги күнде усы Конвенцияда көрсетилген барлық мәжбүриятларды, ис-иләжларды булжытпай орынлап келмекте. Турақлы түрде Конвенция талапларының орынланыўы бойынша БМШиниң бала ҳуқықлары комитетине есабат берип келмекте.

Биз бала ҳуқықларын қорғаў механизмин жетилистириў ушын мәмлекетимизде омбудсмен институтын енгизиўди лазым деп есаплаймыз.

## Әдебиятлар


1. Каримов И.А. Бизнинг йўлимиз – демократик ислоҳатларни чуқирлаштириш ва модернизация жараёнларни изчил давом эттириш йўлидир. Т.20. –«Ozbekiston», 2012. 20-21-бетлар.

2. Саидов А.Х Бола хукуклари туғрисидаги Конвенция ва унинг факультатив протоколлари. –Т., 2009. 14б.

3. Жавзондолгор Баттогтох «Международно-правовая защита прав детей: Международно-правовые аспекты» Москва-2010

4. www.unisef.org.uz


---

[4] Каримов И.А. Бизнинг йўлимиз – демократик ислоҳатларни чуқирлаштириш ва модернизация жараёнларни изчил давом эттириш йўлидир. Т.20. –«Ozbekiston», 2012. 20-21-бетлар.

**Бердақ атындағы Қарақалпақмәмлекетлик университети «Ҳуқықтаныў» кафедрасы 1 курс магистранты Н.Қутлымуратова ҳәм А.Дадебаевлардың «Бала ҳуқықларын қорғаўды әмелге асыратуғын халықаралық шөлкемлердиң искерлиги» темасындағы илимий мақаласына**

## П И К И Р

Мәмлекетимиз өз ғәрезсизлигин қолға киритken баслап инсанпарўар демократик мәмлекет қурыў жолын таңлады ҳәм бул жолда ҳәр бир инсан, оның ҳуқық ҳәм еркинликлери жоқарғы қадрият сыпатында тән алынбақта. Усы тараўдағы реформалар нәтийжесинде бала ҳуқықларын тәмийинлеў ҳәзирги заманның актуал машқалаларынан бири болып, оны шешиў менен байланыслы мәселелер дүнья мәмлекетлериниң дыққат-итибарында турмақта. Дүньяның раўажланған мәмлекетлеринде де ер жетпегенлер арасында жынаятшылықтың өсиўи, кем тәмийнленген шаңарақлардың бар екенлиги, жетерли дәрежеде медициналық жәрдемниң көрсетилмеўи ақыбетиңде балалар өлиминиң артыўы, қараўсыз балалардың көбейиўи сыяқлы унамсыз жағдайларды гүзетиў мүмкин.

Бугинги кунде халықаралық майданда бала ҳуқықлары менен шуғылланыўшы көплеген ҳалық аралық шөлкемлер бар болып, олар өз искерлигинде дуньяның ҳәр бир мәмлекетинде балалардың ҳуқықлары теңдей қорғалыўын тәмийнлеў ҳәм бул бойынша ҳуқықый база жаратып, мониторинг журитиў арқалы искерлик көрсетпе.

Ҳақиқатында да бала ҳуқықлары мәселеси бугинги кунниң актуал мәселесине айланбақта. Ал бала ҳуқықларын қорғаўшы халықаралық шөлкемлер искерлиги мәселеси болса, бул тараўдағы искерликтиң дунья жузлик дәрежедеги картинасын көрсетип береди.

Илимий мақала талапқа жуўап береди хәм ашық баспадан шығарыўға болады.

**Пикир бериўши:** **ю.и.к.М.Нажимов**